

**PANGAJARAN NGABANDINGKEUN RUPA-RUPA EUSI RESENSI
PIKEUN NIMUKEUN SISTEMATIKA RESENSI NGAGUNAKEUN MEDIA
POSTER DI KELAS XI SMA TAUN PANGAJARAN 2016/2017**

ku

Cahya Muliati Margiani (135030130)

ABSTRAK

Pangajaran ngabandingkeun mangrupa pangajaran anu patali jeung kaparigelan basa nyaéta maca, salah sahijina nyaéta ngabandingkeun rupa-rupa eusi rénsénsi pikeun nimukeun sistematika hiji rénsénsi ngagunakeun média poster. Sakumaha hal anu patali di luhur, panulis kairut pikeun ngalakukeun panalungtikan nu miboga judul “Pangajaran Ngabandingkeun rupa-rupa Eusi Rénsénsi Pikeun Nimukeun Sistematika Rénsénsi Ngagunakeun Média Poster di Kelas XI SMA Taun Pangajaran 2016/2017.” Rumusan masalah anu diajukeun ku panulis nyaéta mampuh atawa henteu panulis ngararancang, ngalaksanakeun, jeung méré ajén kana pangajaran ngabandingkeun rupa-rupa eusi rénsénsi pikeun nimukeun sistematika rénsénsi ngagunakeun média poster di kelas XI SMA taun pangajaran 2016/2017?, mampuh atawa henteu siswa kelas XI SMA ilubiung dina pangajaran ngabandingkeun rupa-rupa eusi rénsénsi pikeun nimukeun sistematika rénsénsi sacara tepat?, éféktif atawa henteu média poster dina pangajaran ngabandingkeun rupa-rupa eusi rénsénsi pikeun nimukeun sistematika rénsénsi di kelas XI SMA taun pangajaran 2016/2017?. Métoeu nu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta métoeu ékspérimén, tipeuna kuasi ékspérimén /ékspérimén semu. Sedengkeun téhnik nu dipaké ku panulis dina ieu panalungtikan nyaéta telaah pustaka, observasi, uji coba, jeung tés. Hasil panalungtikan anu dilakukeun ku panulis nyaéta panulis mampuh ngararancang, ngalaksanakeun, jeung méré ajén kana pangajaran ngabandingkeun rupa-rupa eusi rénsénsi pikeun nimukeun sistematika rénsénsi ngagunakeun média poster di kelas XI SMA taun pangajaran 2016/2017. Ieu hal kabuktian tina hasil ngajén rarancang jeung pangajaran anu geus dilaksanakeun nyaéta 3,8 anu kaasup katégori alus pisan, siswa kelas XI SMAN 12 Bandung mampuh ilubiung dina pangajaran ngabandingkeun rupa-rupa eusi rénsénsi pikeun nimukeun sistematika rénsénsi sacara tepat. Ieu hal kabuktian ku ngaronjatna nilai siswa tina hasil rata-rata pretes 44 jadi rata-rata nilai postes 80 kalawan ronjatan nilai 36, média poster éféktif dina pangajaran ngabandingkeun rupa-rupa eusi rénsénsi pikeun nimukeun sistematika rénsénsi di kelas XI SMA taun pangajaran 2016/2017. Ieu hal kbuktian tina hasil ngitung statistik nyaéta t_{hitung} 4,81, t_{tabel} 2,34 dina tingkat kapercayaan 95%, jeung db 24. Kukituna, panulis nyindekkeun pangajaran ngabandingkeun rupa-rupa eusi rénsénsi pikeun nimukeun sistematika rénsénsi ngagunakeun média poster miboga hasil anu alus.

Kecap galeuh: Pangajaran, Ngabandingkeun, Rénsénsi, Média Poster.